



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.5 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU SANT RESOUS SANTE MANTAL POU LEKÒL YO

Finansman an se dènye nan yon long lis inisyativ ak pwopozisyon Gouvènè a pou ede timoun ak fanmi yo jwenn swen sante konpòtmantal yo bezwen an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 2.5 milyon dola sou senkan pou kreye ak sipòte yon Sant Asistans Teknik pou Resous Sante Mantal ak Fòmasyon pou Lekòl (Mental Health Resource and Training Technical Assistance Center for Schools) yo. Sant lan pral sipòte tout lekòl piblik ak prive Eta New York yo, epi ede yo nan bay edikasyon sou sante mantal nan kad pwogram sante K-12 la.

"Pdem an rann lavi difisil pou tout Nouyòkè yo, enkli jèn moun ki te sibi anpil bagay pandan de zan sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede asire ke lekòl nan New York yo kapab anseye timoun nou yo sou sante mantal ak yon kourikoulòm ki apwopriye pou laj yo ki pral diminye laperèz ak estigma epi ankouraje timoun yo pale ak paran yo, moun k ap bay yo swen yo oswa pwofesè yo sou nenpòt enkyetid yo ka genyen."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "New York se yon lidè nasyonal nan bay edikasyon ak sèvis sante mantal pou timoun ak jèn yo. An reyalyte, OMH te deja lisans pou plis pase 1,000 klinik sante mantal ki baze nan lekòl atravè NYS yo, ki te ogmante aksè ak sèvis sante mantal pou timoun ak fanmi yo. Men, nou dwe anseye timoun nou yo tou ke sante mantal enpòtan menm jan ak sante fizik, epi yo pa ta dwe pè poze kesyon oswa chèche èd si sa nesèsè. Sant resous la pral ede lekòl nou yo anseye tout timoun ak fanmi yo leson enpòtan sa a."

Edikasyon sou sante mantal nan lekòl la ofri opòtinite pou bay yon enpak pozitif sou sante jeneral timoun yo lè yo amelyore konpreyansyon yo sou sante mantal. Apwòch inivèsèl sa a gen kapasite pou diminye estigma ak nòmalize aktivite sante mantal ak byennèt epi li ka ankouraje tou konpòtman rechèch èd.

Sant Asistans Teknik pou Resous Sante Mantal ak Fòmasyon pou Lekòl yo pral ede tout lekòl piblik ak prive Eta New York bay ansèyman sante mantal obligatwa epi ede lekòl yo nan enfòmasyon kontni ak enkòporasyon sante mantal nan kourikoulòm sante.

Plis enfòmasyon sou Demann pou Pwopozisyon yo disponib [isit la sou sitwèb OMH la](#).

Anons Gouvènè a se dènye inisyativ pou asire jèn New York yo ap resevwa sèvis sante mantal yo ka bezwen. Bidjè Egzekitif li te pibliye dènyèman investiman anpil nan sèvis sante mantal timoun yo, tankou:

Rekipere anba Pwogram Lekòl COVID (Recover from COVID School Program, RECOVS) la: Yon investiman 100 milyon dola sou dezan pral kreye yon nouvo fon kontrepati Eta a ki pral bay priyorite epi ede distri lekòl yo ki gen pi gwo bezwen yo. Finansman an pral sipòte anbochaj pwofesyonèl sante mantal ak ekspansyon sèvis sante mantal ki baze nan lekòl yo. Li pral finanse tou ekspansyon pwogram aprantisaj pandan ete, apre lekòl, pou jounen pwolonje, ak pwogram ane pwolonje yo pou ede elèv yo ratrape reta akademik yo.

HealthySteps: Bidjè Egzekitif la ta ogmante finansman pa 10 milyon dola. HealthySteps ede pedyat yo elaji konsantrasyon yo sou sante fizik yon timoun pou enkli sante sosyo-emosyonèl ak sante konpòtmantal epi ede sipòte relasyon famiyal yo. Se yon pwofesyonèl sante mantal ki gen ekspètiz nan devlopman timoun ak fanmi ki fasilite Healthy Steps, ki travay ak fanmi yo ak pedyat yo pou bay swen sante mantal ak swen ki pran an konsiderasyon twomatiz nan anviwònman swen prensipal la.

Asirans Child Health Plus (Child Health Plus, CHPlus): Bidjè Egzekitif la gen ladan 11 milyon dola nan ane fiskal 2023 (k ap ogmante a 44 milyon dola nan ane fiskal 2024 la) pou amelyore aksè ak sèvis sante konpòtmantal timoun yo nan aliyen avantaj Child Health Plus ak avantaj Medicaid yo, ki gen ladan sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans, sèvis adomisil ak sèvis ki baze nan kominote a, tretman ki baze sou prèv pou moun yo dyagnostik ak maladi mantal grav, ak reyabilitasyon rezidansyèl pou jèn yo.

Rezo Swen Ki pran an Konsiderasyon Twomatiz: Bidjè Gouvènè a gen ladan 10 milyon dola pou elaji rezo a epi bay tretman espesyalize ki abòde eksperyans ki ka twomatize timoun yo, tankou pandemi COVID-19 la.

Sèvis Tretman ak Sipò pou Timoun ak Fanmi (Children and Family Treatment and Support Services, CFTSS) yo: Bidjè Egzekitif la ogmante finansman pou pwogram sa a pa 8 milyon dola a. CFTSS bay yon seri sèvis, tankou sipò ant konpanyon pou jèn ak fanmi ak reyabilitasyon siko-sosyal, epi li kapab travay avèk timoun ak jèn yo anvan yo gen yon dyagnostik, bay sipò endividyèl ak sipò ki baze nan kominote a pou alafwa prevansyon ak tretman.

Entèvansyon kont Kriz Adomisil (Home-Based Crisis Intervention, HBCI): Gouvènè Hochul te pwopoze yon ogmantasyon nan finansman (7.5M dola an 2022-23; 10M dola anyèl konplè) pou devlope nouvo ekip HBCI ak elaji kantite dosye aktyèl yo pou sèvi 2,640 fanmi chak ane, sa k ap double volim aktyèl la. HBCI bay sèvis entèvansyon entansif ak kout tèm adomisil pou yon fanmi ki nan kriz kòm yon altènativ ak admisyon pitit yo nan yon lopital sikyatrik.

Etablisman Tretman Rezidansyèl yo: Etablisman sa yo sèvi timoun ki pi vilnerab ak nan plis neseseite nou yo. Bidjè Gouvènè a ta ogmante siyifikativman finansman (7.5 milyon dola nan fon Eta a, 15 milyon dola ak fon kontrepati Federal).

Rektè Konsèy Administrasyon an, Lester W. Young, Jr., te deklare, "Defi yo jodi a jèn moun yo ap fè fas ak yo san parèy epi yo inikman difisil pou navige, epi efè yo sou sante mantal yo devastatè. Ede lekòl nou yo bay edikasyon sou sante mantal, sipò pwofesyonèl sante mantal, ak aprantisaj sosyo-emosyonèl pou elèv yo, edikatè yo, ak fanmi yo se te yon priyorite pou Konsèy la ak Depatman an menm anvan pandemi an. Resous sante mantal ak sant asistans teknik sa a pral ede diminye diferans ki genyen nan aksè ak tretman sante mantal nan lekòl ak kominote nou yo."

Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare, "Nou dwe panse ak sèvis sante mantal nan yon fason konplè ki sipòte yon apwòch ki pote transfòmasyon pou tout lekòl, tout timoun, ak pou tout kominote a. Entegree resous ak aprantisaj nan tout aspè nan yon lekòl ede bay swen ak sipò ki kiltirèl konpetan pou estrès, twomatiz, ak enkyetid elèv yo ak edikatè yo fè fas. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou finansman sa a epi n ap kontinye travay kole ak Komisè Sullivan ak anplwaye li yo."

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Ogmante konsyantizasyon sou sante mantal atravè edikasyon destigmatize konvèsasyon yo epi fè li pi fasil pou elèv yo jwenn sipò yo bezwen an. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul paske li mete fon sa yo disponib pou amelyore pwogram sante mantal nan lekòl nou yo. Pandemi an te espesyalman difisil pou elèv nou yo - nou bezwen fè tout sa nou kapab pou sipòte yo."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Estrès sosyal ak emosyonèl ki asosye ak pandemi an te seryezman deranje jèn nou yo, epi Sant Nasyonal pou Estatistik Sante (National Center for Health Statistics) estime ke 6,600 adolesan ak jèn adilt te mouri pa swisid nan ane 2020 sèlman. Anons jodi a sou 2.5 milyon dola pou kreye yon Sant Asistans Teknik pou Resous Sante Mantal ak Fòmasyon pou Lekòl yo se yon etap nan bon direksyon an. Ann kontinye investi nan resous sante mantal ki nesese anpil ki vize jèn moun yo—ki gen ladan investisman nan sèvis sante tele-mantal, ogmante mendèv sante mantal nou an pou ogmante kapasite ak konpetans kiltirèl, ak sèvis entèvansyon kont kriz tankou nouvo liy sovtaj kont kriz sante mantal ak toksikomani 9-8-8 la."

Aileen Gunther, ki se Manm asanble, te deklare, "Swen Sante Mantal enpòtan anpil pou tout kominote nou yo epi pandan tan mwen nan asanble a mwen te obsève nan premye plan, lit pou bay swen ki adekwa, Mwen aplodi Gouvènè Kathy Hochul pou anons 2.5 milyon dola pou kreyasyon yon Sant Resous ak Fòmasyon Sante Mantal. Nou konnen ke pandemi an afekte sante mantal timoun yo anpil, epi aksè ak sèvis sante mantal nan lekòl yo enpòtan anpil. Antanke yon enfimyè ak yon Fanm Manm nan Asanble a, mwen te toujou goumen pou sa ki pi bon pou elektè mwen yo. Mwen pa ka tann enpak pozitif finansman sa a pral genyen sou timoun Eta New York yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)